Pou Piblikasyon Imedya: 07/09/2020 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

NAN OKAZYON FÈT TRAVAY LA, GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON KI EGZIJE PLAN POU PWOTEJE TRAVAYÈ PIBLIK YO LÈ GEN IJANS SANTE YO ALAVNI

Lwa egzije Gouvènman Eta a ak lokal yo ak distri lekòl yo pou yo planifye pou ijans katastwòf nan nivo Eta a alavni ki enplike yon maladi ki transmisib

Li gen ladan pwoteksyon pou travayè esansyèl yo ak pwotokòl pou sekirize PPE yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a lejislasyon (S8617B/A10832) ki egzije tout anplwayè piblik yo pou yo kreye plan pou pwoteje yon fason ki apwopriye travayè yo sizoka yon lòt ijans katastwòf nan nivo Eta enplike yon maladi ki transmisib. Plan yo tap aplike ni pou Eta a ak pou lokalite yo, gen ladan distri lekòl yo. Yo dwe soumèt plan yo bay komite jesyon sendika ak travay yo nan yon peryòd 150 jou, epi yo dwe finalize plan yo opita 1 avril 2021.

"Gras ak sakrifis pèsonèl ak travay di, Nouyòkè yo te koube koub kowonaviris la, epi nou tout dwe yon dèt rekonesans pou travayè premyè liy yo ki te ede Eta nou an travèse kèk nan jou ki te pi fè nwa li yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Echèk fguvènman federal la pou planifye oswa reponn ak ijans sa a te mete Eta nou an andanje, epi nou pap janm kapab kite sa fèt ankò. Se pou sa nan okazyon Fèt Travay (Labor Day) sa a, nou ap onore efò anplwaye piblik yo pandan sis mwa pase yo nan planifye pou pwochen ijans lan — ak nan asire ke tout nivo gouvènman nan New York pwoteje travayè piblik yo kont yon pandemi alavni."

Senatè Andrew Gounardes te deklare, "Egzije anplwayè piblik yo elabore ak pibliye yon plan ijans pou pwochen kriz sante mondyal la fondamantal pou sove lavi ak rebati konfyans. Nou te pèdi twòp anplwaye piblik akòz COVID la. Pwojè lwa sa a pwoteje sila yo ki kenbe vil nou an fonksyonèl. Mwen vle remèse Gouvènè a dèske li siyen li ak anpil patenè nan sektè travay la ki te ede fè pwojè lwa sa a yon reyalite".

Manm asanble Peter Abbate te deklare, "Mwen kontan wè ke nou adopte lejislasyon sa a. Mwen panse gen anpil travay pou nou fè pou pwoteje mendèv piblik valab Eta a".

Mario Cilento, Prezidan AFL-CIO Eta New York, te deklare, "Jodi a, nan mesaj li nan okazyn Fèt Travay la, Gouvènè Cuomo te fè remake ke pandemi sa a te mete toutouni pou tout Eta nou an ak peyi nou an ewoyis ak bravou travayè esansyèl yo. Lè li siyen

lejislasyon sa a, Gouvènè a sipòte mo sa yo ak aksyon palpab ki pral rann espas travay yo plis an sekirite pou gason ak fanm kouraje sa yo ki kontinye fè anpil sakrifis. Nou remèsye Gouvènè Cuomo pou mesaj sensè li a epi dèske li montre rekonesans pou travayè esansyèl yo ki te delivre nou nan moman difisil sa a. Nou pa ka tann pou nou travay avèk Gouvènè a pou asire ke nou kontinye fè sekirite ak sante mendèv esansyèl New York la yon priyorite".

Plan operasyon yo dwe gen ladan:

- Lis ak deskripsyon pòs yo konsidere kòm esansyèl yo
- Deskripsyon pwotokòl pou swiv pou rann tout travayè ki pa esansyèl yo travay adistans
- Deskripsyon sou fason anplwayè yo tap repati peryòd travay yo pou redwi ankonbreman
- Pwotokòl pou ekipman pwoteksyon pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE) yo
- Pwotokòl pou lè yon anplwaye ekspoze ak maladi
- Pwotokòl pou dokimante èdtan ak espas travay yo pou travayè esansyèl yo
- Pwotokòl pou travay avèk lokalite anplwaye esansyèl yo pou idantifye lojman ijans si sa nesesè
- Nenpòt lòt egzijans ke Depatman Sante (Department of Health) Eta New York la etabli, tankou tès ak trasaj kontak

Yo dwe soumèt plan yo bay sendika piblik yo pou revizyon. Depatman travay (Department fo Labor) la pral kreye tou yon pòtay anliy pou anplwaye piblik yo rapòte vyolasyon règleman sou sante ak sekirite pou maladi ki transmisib yo, gen ladan COVID-19.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU